

Enfòmasyon konsènan MRSA

Kisa li ye MRSA atrape pa mwayen konminote a? MRSA – Estafilokokis orejis ki rezistan a metisilin – yon enfeksyon « estaf » ki rezistan a pifò medikaman antibyotik ki egziste jodi a. Jenn anfòm ki jwe espò kontak siseptib anpil a enfeksyon sila a.

Kiyès ki plis a ris?

- Jwè ki antre an kontak fizik ak lòt jwè
- Jenn espòtif nan kolèj, lekòl segondè ak lekòl elemantè

Èske ou konnen plis pase 1/3 moun ki ansante pòte enfeksyon MRSA/estaf sou po yo (sa se nòmal)? Èske ou konnen nonb malad yo gentan double depi twazan? Èske ou konnen yon ti koup/grafinyen/klou se ase pou MRSA antre nan kò ou?

Lè po a ouvè, bakteri sila a ka antre nan san ou, epi selon ki kalite « estaf » li ye, li ka rezilte nan enfeksyon ak maladi grav. Se senp konsa!

Ti poul pou prevansyon...

- Senptom tanmen ak ti doulè nan mis ak yon ti fyè.
- Se pou ou chache swen medikal si ou gen kenepòt ti blesi sou po ou ansanm ak yon fyè, oubyen si ti blesi a devlope anpoul, klou, li vin wouj ou li anfle—sa se senptom enfeksyon estaf posib.
- Byen lave kenepòt ti blesi avèk savon ak dlo, menmsi li pa parèt tankou gwo koze, lòfini gade blesi pwòp.
- Lave men ou dri—sitou anvan e aprè ou touche yon blesi.
- Pinga ou pataje sèvyèt, jilèt, peng, savon ak lòt bagay ki touche po ou.
- Lave/netwaye regilyèman inifòm ak ekipman.
- Benyen epi chanje rad ou aprè antrennman/match.
- Pinga ou pataje ekipman.
- Se pou ou gen pwodwi anti-bakteri disponib pannan antrennman/match yo.
- Se pou ou pratike bonjan ijyèn!

RETE ANFÒM!

mrsaawareness.com